



Pou Piblikasyon Imedya: 14/01/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AKÒ TWA SANS AK LIDÈ MAJORITE SENA A, COUSINS AK PÒT PAWÒL ASANBLE A HEASTIE SOU SERI LEJISLASYON SOU SEKIRITE LIMOUZIN NAN

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon akò twa sans ak Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins ak Pòt Pawòl Asanble a Carl Heastie sou yon seri règlemantasyon sou sekirite limouzin. Seri 10 pwen an entwodui nouvo règlemantasyon sou sekirite tankou: egzijans pou senti sekirite, imobilizasyon limouzin ki gen pàn yo, ogmantasyon penalite pou moun k ap fè demi tou nan fason ki ilegal, egzijans GPS, egzijans resous pou sèvis kliyan, validasyon enfòmasyon sekirite sou machin nan ak chofè a nan fason regilye, nouvo egzijans lisans komèsyal pou chofè limouzin yo, kreyasyon yon fòs entèkansyon pasaje ak tè dwòg ak alkòl.

"Refòm konplè sa yo ap bay otorite yo nouvo pouvwa ki nesèsè pou retire veyikil danjere yo sou wout la, elimine move aktè yo epi mete anplas nòm sekirite bon sans k ap ogmante sekirite piblik la nan chak kwen New York", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Aksidan tèrib sa ki pwovoke aksyon sa te sekwe eta sa jouk nan zantray li, e nou kanpe ak sila yo ki pèdi pwòch yo nan aksidan sa yo e n ap travay san rete pou ede evite trajedi sa yo alavni yon fwa pou tout."

"Limouzin ak selebrasyon dabitid mache men nan men, e Majorite Demokratik Sena a vle kenbe li konsa", **Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins te deklare**. "Aksidan ki te fèt akòz limouzin ki pa sekirize ak règlemantasyon vag se trajedi, e nou genyen responsablite pou abòde pwoblèm sa. Majorite Sena a kanpe, e nou gen lapèn ak fanmi ki pèdi pwòch yo nan aksidan limouzin yo e ki te fè soufrans sa tounen aktivis. Pwojè lwa sa yo, ki genyen sipò majorite Sena a, Majorite Asanble a, ak Gouvènè Cuomo, ap ede amelyore sekirite, rann konpayi yo responsab, epi sove lavi."

"Limouzin se souvan chwa machin pou okazyon kè kontan yo - maryaj, pwomosyon ak evènman espesyal. Men nou te obsève twòp ki tounen trajedi", **Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare**. "Pwojè lwa nou adopte jodi a apiye pwogrè nou te fè nan bidjè ane pase a, k ap kreye sipèvizyon ki nesèsè pou sektè lokasyon limouzin nan epi asire ke yo rann yo responsab. Refòm enpòtan sa yo ap vle di veyikil ki pi sekirize, wout ki pi sekirize epi sove lavi."

Prezidan Komite Transpò (Committee on Transportation) a, Senatè Timothy M. Kennedy, te deklare, "Lè nou adopte seri lejislasyon konplè sa, Sena ak Asanble a ap ranfòse nòm atravè Eta New York, epi chanje fason sektè a reglemante pou asire ke sekirite pasaje yo priyore. Fanmi ki pèdi pwòch yo nan aksidan limouzin nan Schoharie ak Cutchogue yo te se te enstriman nan pouwit refòm sa yo, angajman yo

pou rann New York gen plis sekirite ap san dout evite lòt fanmi fè menm eksperyans kè kase yo te andire a. Mwen remèsye Gouvènè Andrew Cuomo, Lidè Majorite a Andrea Stewart-Cousins, ak Pòt Pawòl la Carl Heastie paske yo travay bò kote nou pou akselere akò istorik sa, e nou pa ka tann pou wè mezi enpòtan sa yo adopte."

Prezidan Komite Transpò a, Manm Asanble William B. Magnarelli, te deklare,
"Aksidan tèrib isit la nan Eta New York te atire atansyon nasyonal la sou lwa sekirite sikilasyon nan eta nou an konsènan limouzin, ki pa apwopriye. Limouzin yo prezante yon seri defi sekirite ki inik pou ni chofè ak pasaje yo menm jan. Lejislasyon mwen an ap ede abòde kèk nan ensifizans sa yo lè li asire ke veyikil yo ekipe ak senti sekirite, chofè limouzin yo kenbe menm prensip ak lòt veyikil ki gen anpil moun epi nou kontinye etidye pwoblèm sekirite sa yo epi fè chanjman ki nesèsè sou wout yo".

Egzijans Senti Sekirite (S. 6191C/A. 9057)

Lejislasyon sa prevwa pou veyikil amotè yo konvèti an limouzin ki ka agrandi nan dat 1^{ye} Janvyè 2021 oubyen apre, genyen omwen 2 senti sekirite pou syèj devan yo epi omwen yon senti sekirite pou chak pasaje machin nan fèt pou kenbe, epi li egzije pou yo ekipe tout limouzin ki ka agrandi yo pou yo mete senti sekirite anvan 1^{ye} Janvyè 2023.

Nouvo Egzijans Lisans Komèsyal pou Chofè Limouzin yo (S. 6192A/A.8474A)

Lejislasyon sa egzije moun k ap kondui limouzin k ap pote 9 pasaje oubyen plis, ki enkli chofè a, pou genyen yon lisans komèsyal pasaje a apwouve.

Imobilizasyon ak Konfiskasyon Limouzin ki Gen Pàn (S. 6193C/A. 9056)

Lejislasyon sa pèmèt Komisè Transpò a konfiske oubyen imobilize limouzin ki ka agrandi ki nan sèten sitiyasyon epi li prevwa ke yo p ap remèt yon veyikil amotè yo konfiske amwenke Komisè a bay avi ekri ke veyikil sa te pase re-enspeksyon an. Tout veyikil yo remèt san apwobasyon Komisè a gen yon amand jiska 10,000 dola.

Ogmantasyon Penalite pou Demitou nan Fason Ilegal (S. 6188B/A.8172B)

Vyolasyon yo ap gen yon amand 250 a 400 dola oubyen jiska 15 jou prizon. Dezyèm vyolasyon nan espas 8 mwa ap gen yon amand 600 a 750 dola ak/oubyen jiska 45 jou prizon. Vyolasyon ki enplike yon limouzin ki ka agrandi k ap fè yon demi tou ilegal pandan l ap pote omwen yon pasaje ta gen yon amand 750 a 1,000 dola ak / oubyen jiska 180 jou prizon.

Egzijans GPS pou Limouzin yo (S. 6187C/A. 9058)

Lejislasyon sa egzije limouzin ki ka agrandi yo pou itilize teknoloji GPS ki fèt espesyalman pou veyikil komèsyal yo epi ki reponn ak nòm federal yo.

Sèvis Resous pou Nouvo Kliyan (S. 6185B/A.8214B)

Lejislasyon sa egzije Komisè Transpò yo ak Veyikil a motè yo pou etabli, kenbe, kontwole epi fè pwomosyon yon liy telefòn ijans e Depatman Veyikil a Motè a (Department of Motor Vehicles, DMV) jere epi konsève, ki sèvi pou repòte pwoblèm sekirite ak limouzin ki ka agrandi yo ak sitwèb sekirite limouzin ke Depatman Transpò a (Department of Transportation, DOT) ap kenbe. DOT ak DMV a ka fè envestigasyon sou rapò liy ians lan jenere a e yo ka itilize enfòmasyon ki verifye ki soti nan rapò sa yo nan aplikasyon mezi yo.

Validasyon Lisans Chofè (S. 6604B/A.9059)

Lejislasyon sa egzije chak konpayi veyikil a motè pou bay Depatman Veyikil a Motè a yon lis chak veyikil a motè modifiye ki fèt pou pote 9 pasaje oswa plis epi egzije Komisè Veyikil a Motè a revize chak ane, dosye chak chofè yon konpayi veyikil a motè anplwaye ki genyen yon limouzin ki ka agrandi k ap fonksyone, ansanm ak piblikasyon divès mezi sekirite. DMV a dwe mete sitwèb li a ajou chak ane pou bay enfòmasyon sou konpayi motè ki genyen limouzin ki ka agrandi k ap fonksyone, ak done sou operasyon ak chofè limouzin yo.

Kreyasyon Fòs Entèkansyon Paseje a (S. 6189C/A.1316C)

Lejislasyon sa etabli fòs entèkansyon pou sekirite pasaje limouzin ki ka agrandi pou fè evalyasyon konplè sou kesyon ki enfluyans sekirite, kapasite, efikasite ak fyabilite transpò limouzin ki ka agrandi yo.

Tès Dwòg ak Alkòl (S. 6186B/A.712A)

Lejislasyon sa ap egzije pou chofè gwo veyikil pou lokasyon ak transpòtè yo soumèt a tès depistaj dwòg ak alkòl anvan travay la epi owaza.

Itilizasyon Senti Sekirite nan Machin Taksi ak Livrezon (S. 7134/A.8990)

Lejislasyon sa ranfòse egzijans itilizasyon senti sekirite a nan machin pou lokasyon yo.

Senatè James Gaughran te deklare, "Jodi a n ap pran mezi sou lejislasyon sekirite limouzin enpòtan k ap pwoteje pasaje ak chofè yo menm jan. Pwojè lwa sa yo, ki genyen ladan yo senti sekirite ak restriksyon pou demi tou ilegal, se mezi sekirite ki enpòtan anpil k ap prevni aksidan trajik tankou sa ki te fèt kèk ane de sa nan Cutchogue la, pou yo pa fèt ankò. Mwen remèsye defans brav epi enfatigab fanmi aksidan Cutchogue ak Schoharie yo paske yo se motè ki dèyè pwojè lwa jodi a ak lit pou sekirite a".

Senatè Rachel May te deklare, "Yon gradyasyon oubyen maryaj ta dwe youn nan pi bon moman lavi ou. Ou pa ta dwe enkyete pou konnen si sèvis limouzin ou lwe a ap mennen w lakay ou an sekirite nan fen jounen an. Pwojè lwa mwen an ap rann li pi fasil pou yo repòte pwoblèm sekirite yo bay Komisè Transpò a. Nou te obsève twòp trajedi ki te ka evite akòz limouzin yo pa t gen bon antretyen oubyen yo pa t enspekte regilyèman. Moun New York merite yon pi bon sipèvizyon".

Senatè James Sanders Jr. te deklare, "Pwojè lwa sa enpòtan pou asire sekirite pyeton ak chofè yo. Li vital pou DMV genyen dosye ki ajou konsènan konpayi limouzin ki ka agrandi yo ak chofè yo, espesyalman nan sa ki gen pou wè ak defo ak aksidan. Jan nou tout konnen, yon machin ka yon zam danjere si yo pa itilize l kòrèkteman, e lè nou panse ak veyikil ki pi gwo tankou limouzin ki ka agrandi, ki transpòte anpil moun souvan, nou dwe pi pridan toujou".

Senatè Anna Kaplan te deklare, "Trajedi nou pa ka imajine ki te fèt nan Cutchogue ak Schoharie yo te yon revèy ki du pou tout Moun New York konsènan sekirite limouzin ki ka agrandi yo. Antanke lejislatè, nou gen devwa anvè fanmi atravè eta a pou pran mezi pou evite trajedi ensanse sa yo pou yo pa rive ankò, e mwen fyè pou patwone lejislasyon sa nan kad efò sa pou kenbe rezidan nou yo an sekirite".

Senatè Jen Metzger te deklare, "Pèt lavi devastatè sa nan aksidan 2018 nan Schoharie a, se te yon apèl pou aksyon pou lwa ki pi solid pou kenbe moun an sekirite sou wout nou yo. Pwojè lwa mwen an pou mandate tèsp depistaj dwòg ak alkòl pou chofè limouzin ak lòt veyikil pou lokasyon yo, ansanm ak lòt lejislasyon ijan nou te adote jodi a, ap sove lavi epi fè prevansyon fiti trajedi. Mwen vle remèsye Prezidan Transpò Sena a, Tim Kennedy, paske li defann seri lejislasyon vital sa".

Senatè Brad Hoylman te deklare, "Nan 2018 sèlman, te genyen 40 aksidan grav nan veyikil taksi ak livrezon. Senti sekirite se mwayen ki pwouve pou sove lavi epi evite blesi grav — e jan aksidan tèrib Schoharie la montre nou, lè nou pa mete yon senti sekirite, sa ka genyen konsekans ki trajik. Se poutèt sa li si enpòtan pou chak pasaje nan yon taksi oubyen veyikil lokasyon tache senti yo. Grasa lidèchip lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins, nouvo Majorite Sena a ap adopte lejislasyon bon sans pou asire ke tout Moun New York an sekirite".

Manm Asanble Amy Paulin te deklare, "Aksyon lejislatif jodi a ap rann limouzin ki ka agrandi yo pi sekirize pou chofè, pasaje ak chak moun ki sou wout nou yo. Pwojè yo adopte yo ap pote sipèvizyon ak refòm pou chak aspè nan sektè limouzin nan, soti nan lisans ak enspeksyon pou rive nan itilizasyon senti sekirite ak GPS. Mwen kwè chanjman sa yo ap sove lavi epi prevni fiti trajedi".

Manm Asanble Angelo Santabarbara te deklare, "Yo te jije aksidan trajik limouzin nan Schoharie ki te pran lavi 20 moun, kòm pi move katastwòf transpò nan apeprè yon deseni. Evènman tèrib sa kite yon sikatris nan kominote nou an e bezwen pou lwa ki aktyalize pou dirije sektè limouzin ki ka agrandi a, vizib. Pwojè lwa sa yo gen objektif pou ranfòse règlemantasyon yo epi amelyore nòm yo pou asire sekirite pasaje yo. Li enpòtan ke nou siyen seri lejislasyon sa an lwa pi vit ke posib pou evite trajedi tankou sa yo pou yo pa rive ankò".

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)